

Entwodiksyon jenetik Plan leson

Sijè: Analiz estatistik ak varyans nan rezilta esperimantasyon

Dat: Otòn 2013

Etidyan: Pou etidyan premye sik MIT k ap pran kou entwodiksyon jenetik

Kantite tan n ap bezwen: 5-10 è d tan

<p>Objektif aprantisaj la (OA)</p>	<ol style="list-style-type: none"> 1. Konpare enfliyans gwochè yon echantiyon sou diferans ant rapò fenotipik nou espere jwenn ak rapò fenotipik nou jwenn toutbon vre, epi egzaminen enfliyans sa a. 2. Dekri kouman nou ka sèvi ak tèst estatistik Ki-Kare a pou nou kalkile pwobabilite pou done nou jwenn yo vin kore ipotèz nil la. 3. Analize done nou jwenn nan esperimantasyon sou kwazman jenetik pandan n ap sèvi ak yon tèst estatistik Ki-Kare pou kalkile pwobabilite pou done nou jwenn yo vin kore ipotèz nil la.
<p>Leson pwofesè a pral anseye:</p>	<p>OA #1: Varyans nan done esperimantal:</p> <ol style="list-style-type: none"> a) Diferans ant rezilta nou jwenn nan esperimantasyon ak rezilta nou espere jwenn nan esperimantasyon yo b) Enfliyans gwochè echantiyon yo sou varyans nan rezilta esperimantasyon yo <p>OA #2: Tès estatistik Ki-Kare:</p> <ol style="list-style-type: none"> a) Deskripsyon/objektif b) Kèk egzanp sou fason yo byen sèvi ak tèst estatistik Ki-Kare a c) Definisyon matematik <p>OA #3: Tès estatistik Ki-Kare:</p> <ol style="list-style-type: none"> a) Jan yo sèvi ak tèst estatistik Ki-Kare a b) Fason yo entèprete rezilta tèst yo c) Sa tèst estatistik Ki-Kare a pa ka fè
<p>Aktivite aprantisaj: (egzanp: similasyon sou òdinatè, kou, travay an gwoup, eks.)</p>	<p>OA #1:</p> <ol style="list-style-type: none"> a) Kou sou varyans nan done esperimantal b) Aktivite nan klas an ti gwoup etidyan kote w ap sèvi ak: Feyè pou aktivite «tonton oswa palmis» nan klas (F1) oswa gid pou pwofesè fè aktivite nan klas sou StarGenetics (F2) c) Sèvi ak kesyon sou konsèp, nan sal klas, pou fè egzèsis, diskisyon «reflechi – an gwoup, 2 pa 2 – pataje» (F3) d) Devwa oswa aktivite nan klas an ti gwoup k ap sèvi ak egzèsis StarGenetics – Mouch-Fwi - Egzèsis 1 – Nivo 2 (F4, Kesyon 6, 7, 8, 9)

	<p>OA #2:</p> <ul style="list-style-type: none"> a) Kou sou tèst estatistik Ki-Kare: deskripsyon/objektif, egzanj sou bonjan fason yo sèvi ak tèst estatistik Ki-Kare a, epi definisyon matematik li b) Devwa oswa aktivite nan klas an ti gwoup k ap sèvi ak egzèsis StarGenetics – Mouch-Fwi - Egzèsis 1 – Nivo 2 (F4, Kesyon 11) <p>OA #3:</p> <ul style="list-style-type: none"> a) Kou sou tèst estatistik Ki-Kare: fason yo sèvi ak tèst estatistik Ki-Kare a, fason yo entèprete rezilta yo, epi yon diskisyon sou sa tèst estatistik Ki-Kare a pa ka fè, epi move fason yo sèvi avè l b) Devwa oswa aktivite nan klas an ti gwoup k ap sèvi ak egzèsis StarGenetics – Mouch-Fwi - Egzèsis 1 – Nivo 2 (F4, Kesyon 11)
<p>Resous: (egzanp: lojisye, feyè, eks.)</p>	<p>OA #1:</p> <ul style="list-style-type: none"> a) Dyapo pou kou sou varyasyon nan esperimantasyon b) Feyè (F1) ak yon pyès 50 kòb pou aktivite «tonton oswa palmis» nan klas oswa feyè (F2) Gid pou pwofesè fè aktivite nan klas sou StarGenetics, ansanm ak pwojektè epi yon òdinatè c) Feyè : Kesyon sou konsèp, nan sal klas (F3) d) Feyè Mouch-Fwi - Egzèsis 1 – Nivo 2 (F4), feyè ak laboratwa òdinatè oswa òdinatè pou elèv yo ka fè egzèsis StarGenetics yo. Koneksyon entènèt oswa telechaje StarGenetics. <p>OA #2:</p> <ul style="list-style-type: none"> a) Dyapozitif kou sou Tès estatistik Ki-Kare a b) Feyè Mouch-Fwi - Egzèsis 1 – Nivo 2 (F4) epi laboratwa konpitè oswa òdinatè pou elèv yo ka fè egzèsis StarGenetics. Koneksyon entènèt oswa telechaje StarGenetics. <p>OA #3:</p> <ul style="list-style-type: none"> a) Dyapozitif kou sou Tès estatistik Ki-Kare a b) Feyè Mouch-Fwi - Egzèsis 1 – Nivo 2 (F4) epi laboratwa konpitè oubyen òdinatè pou elèv yo ka fè egzèsis StarGenetics. Koneksyon entènèt oswa telechaje StarGenetics.
<p>Evalyasyon: (egzanp: kesyon egzamen, ti egzamen kout, prezantasyon, eks.)</p>	<p>OA #1:</p> <ul style="list-style-type: none"> a) Feyè pou aktivite «tonton oswa palmis» nan klas (F1, evalyasyon fòmativ) b) Kesyon sou konsèp, nan sal klas (F3, evalyasyon fòmativ) c) Mouch-Fwi - Egzèsis 1 – Nivo 2 (F4, evalyasyon somativ) d) Kat bwè pwa (evalyasyon fòmativ) <p>OA #2:</p> <ul style="list-style-type: none"> a) Ekri yon ti koze yon minit pou esplike pou ki sa yo fè tèst estatistik Ki-Kare a (evalyasyon fòmativ)

	b) Mouch-Fwi - Egzèsis 1 – Nivo 2 (F4, evalyasyon somativ) c) Kat bwè pwa (evalyasyon fòmativ) OA #3: a) Mouch-Fwi - Egzèsis 1 – Nivo 2 (F4, evalyasyon somativ) b) Kesyon egzamen (F5, evalyasyon somativ) c) Kat bwè pwa (evalyasyon fòmativ)
--	--

2 ti mo / Kòmantè:

Feyè:

F = vle di “Feyè”. Gen yon chif ki idantifye chak feyè ki akonpaye plan leson sa a.

Feyè 1 (F1): Feyè pou aktivite «tonton oswa palmis» nan klas

Feyè 2 (F2): Gid pou pwofesè fè aktivite nan klas sou StarGenetics

Feyè 3 (F3): Kesyon sou konsèp, nan sal klas

Feyè 4 (F4): Mouch-Fwi - Egzèsis 1 – Nivo 2

Feyè 5 (F5): Kesyon egzamen